

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan ngeunaan struktur novelét, ajén moral jeung psikologi perkembangan rumaja, bisa dicindekan saperti ieu di handap:

- 1) Struktur novelét anu ditalungtik téh nya éta unsur instrinsik jeung unsur éksrinsikna. Dina ngaanalisis unsur instrinsik diwatesanan saukur galur, palaku/*penokohan*, latar, jeung téma.

Galur anu digunakeun dina novelét *Jamparing* nya éta galur mérélé atawa ngaguluyur saluyu jeung kronologi waktu. Palaku anu dipidangkeun dina novelét ogé némbongkeun ciri has watek pararumaja. Latar anu digunakeun nya éta latar taun 1980-an anu némbongkeun *fenomena* dina alam harita, yén pararumaja tumuwuh sacara alami jeung masih wanoh kana alam sabudeureunana. Tina hasil ngaanalisis unsur galur, palaku, jeung latar, katémbong téma anu dipidangkeun dina carita téh nya éta téma tingkat sosial. Téma anu leuwih hususna nya éta ngeunaan pangalaman sosobatan pararumaja.

Unsur instrinsik anu ngawangun carita, teu leupas tina pangaruh faktor saluareun karya sastra, saperti pangarang. Pikeun ngaanalisis unsur éksrinsik, panalungtik ngayakeun kagiatan wawancara ka pangarangna. Tina wawancara anu dilaksanakeun bisa katitén kumaha subjéktivitas, psikologis, lingkungan hirup, jeung sawangan pangarang anu mangaruhan kana gumelarna novelét *Jamparing*.

- 2) Ajén moral anu kasampak dina novelét lolobana ngeunaan ajén moral anu aya hubunganana jeung papada manusa, saperti nyaah ka sasama, wijaksana, jeung silih élingan. Ajén moral ditepikeun ngaliwatan paripolah palaku jeung latar anu dipaké. Contona, sawangan pangarang ngeunaan rumaja anu

Indah Purnama Cahyani, 2013

AJÉN MORAL JEUNG PSIKOLOGI PERKEMBANGAN RUMAJA DINA NOVELÉT JAMPARING KARYA CHYE  
RETTY ISNENDES PIKEUN BAHAN PANGAJARAN NYARITA DI SMP KELAS IX

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

tumuwuh jeung wanoh kana alam sabudeureunana bakal numuwuhkeun rasa kamanusaan. Hadéna sikep kana alam, baris mangaruhan sikepna ka papada manusa.

3) Dina ngaanalisis psikologi perkembangan rumaja dina novelét *Jamparing*, dihususkeun ngeunaan perkembangan psikososial. Kacindekanana, perkembangan psikososial pararumaja anu aya dina novelét saluyu jeung téori-téori anu dipaké, saperti téori psikososial Érikson. Saupama téori psikososial anu diterapkeun pikeun ngaanalisis ieu novelét dibandingkeun jeung kaayaan psikososial rumaja kiwari mah aya bédana. Aya sabagéan téori anu teu saluyu deui saupama diterapkeun dina jaman ayeuna. Contona, dina téori perkembangan psikososial ngeunaan perkembangan séksual, rumaja dina novelét mah sarua jeung téorina, anu nyebutkeun yén rumaja mangsa anu mimiti can wani ngungkapkeun karesep jeung bobogohan sacara nembrak. Rata-rata mangsa rumaja awal di mimitian waktu umur 12-13 taun. Dibandingkeun jeung kiwari mah, mangsa rumaja anu ngajurus kana interaksi jeung lawan jenis téh bisa katitén waktu keur mangsa pra-rumaja. Tangtuna hal-hal saperti kitu téh loba pisan faktor anu mangaruhanana.

4) Hasil analisis novelét *Jamparing* bisa dipaké pikeun bahan pangajaran nyarita, nya éta mangrupa ringkesan novelét. Novelét anu euyeub ku ajén-ajén moral bisa dijadikeun alternatif bahan pangajaran nyarita. Salian ti éta, jejer carita novelét *Jamparing* anu ngeunaan pangalaman dina ngajalin sosobatan bisa ngirut siswa dina nyaritakeun ogé pangalamanana dina hal sosobatan.

Dina kurikulum KTSP, nyaritakeun eusi novel téh mangrupa salasahiji kompetensi dasar. Sedengkeun dina kurikulum 2013 mah, nyaritakeun eusi novel téh mangrupa indikator.

## 5.2 Rékoméndasi

Sabada diayakeun panalugtikan ngeunaan ajén moral jeung psikologi perkembangan rumaja dina novelét *Jamparing*, aya sababaraha rékoméndasi ti nu nyusun, di antarana nya éta:

- 1) Novelét *Jamparing* bisa dijadikeun salasihiji alternatif bahan pangajaran dina nyarita.
- 2) Novelét *Jamparing* bisa jadi inspirasi paraguru dina milih bahan pangajaran anu ngirut, saluyu jeung karakter siswa, jeung euyeub ku ajén-ajén moral hadé pikeun picontoeun.
- 3) Aya panalungtikan kana novelét *Jamparing* anu garapanana bisa leuwih lega, sangkan bisa kaéksplorasi naon-naon anu can katepikeun dina ieu panalungtikan.